

**Konsantman enfòmè pou fè ekzamen  
epi/oswa operasyon  
(Consentimiento Informado Para  
Procedimiento Invasivo y Quirúrgicos.)**

## KONSANTMAN ENFÒME POU FÈ EKZAMEN EPI/OSWA OPERASYON

Maladi yo sispèk mwen genyen:.....

Mesye/Madám:.....

(Non ak siyati pasyan an)

RUT:.....Laj.....an

Adres mwen :.....

Vil:.....Nan komín:.....

Dat konsantman an:.....

Mesye/Madám:.....

(Non ak Siyati)

RUT:.....Laj.....an

Adres mwen :.....

Vil:.....Nan komín:.....

An kalite de:.....

(Reprezantan legal oswa fanmi ki responsab la)

MWEN DEKLARE:

Ke doktè a:.....

Li eksplike m ke li pratik fè operasyon .....

**1. ENFÒMASYON PASYAN AN BAY:**

Mwen deklare ke tout enfòmasyon ki gen rapò ak eta sante mwen epi istwa klinik ke mwen bay doktè a se verite, yo konplè epi yo diy de konfyans.

**2. ENFÒMASYON PASYAN AN RESEVWA :**

Mwen deklare ke yo ban mwen tout enfòmasyon nesèsè jan sa dwe ye sou tout sa ki konsène operasyon mwen deside fè a; paske

.....  
ak tout ekip li te fè m konnen epi eksplike m byen klè de fason pou m konprann tout pwèn sa yo :

- a) Maladi mwen soufri (dyagnostik) :.....
- b) Tout lòt altènativ ki genyen pou trete maladi mwen genyen an, ak tout teknik yo, avantaj ak dezavantaj chak teknik genyen de manyè jeneral e an patikilye ka pa mwen an.
- c) Ke nan altenatif yo mwen gen chwa tou pou mwen pa dakò ak okenn tretman.
- d) Avantaj ak dezavantaj diferan tip altenatif tretman nou analize yo, de manyè jeneral e espesifikman pou ka pa mwen an.
- e) Ke tout operasyon gen risk ak konplikasyon yo ka prezante ki gen pou wè ak teknik yo itilize pou operasyon an oubyen ak jan yo bay anestezi a malgre ekip ki ap fè operasyon an pran tout mezi ak prekosyon nesèsè pou ta evite pwoblèm sa yo prezante : tankou pwoblèm kè, pwoblèm nan poumon ak respiratwa, enfeksyon, pwoblèm oswa domaj newolojik, emoraji, reyaksyon alèjik, boul san kaye ak lòt ankò tankou risk lanmò ki egziste nan yon pousantaj ki miním.

- f) Yo enfòm m tou ke nan tout alternatif ki gen pou wè ak operasyon yo pwopoze m nan, gen risk ak konplikasyon ki asosye ak operasyon sa a ke ekip la pa ka evite malgre jefò ak prekosyon medikal yo aplike, ki konn rive pafwa pasyan an pa rekipere totalman aprè operasyon an. Kèk egzanp nan ka sa yo se: san kaye, emoraji, enfeksyon sipèfisyel, pwofon oswa jeneral, lezyon nan venn oubyen nan nè yo, konsa pasyan an ka pèdi sansiblite nan zòn operasyon an fèt la, mal sikatrizasyon (po donner), ak lòt pwoblèm nan po, domaj newolojik, pwoblèm poumon epi/oswa respiratwa, lezyon ògán entèn, difikilte nan pwosesis sikatrizasyon ak gerizon andedan ak deyò kote chiriji a fèt la ak lòt pwoblèm ankò ki ka rive.
- g) ke li nesèsè nan tout operasyon andòmi pasyan an oswa bal anestezi lokal oswa jeneral; nan ka pa m nan an patikilye, aprè yo fin evalye m, se ekip medikal la ak anestezyològ kin an chaj la ki pral detèmine ki teknik yo ap aplike selon konsiderasyon tout faktè jeneral ak patikilye ka a prezante; e kèlkeswa teknik yo chwazi a, lap gen avantaj ak dezavantaj li, epi ak tout risk ak konplikasyon ki ka prezante.
- h) Ke tout operasyon genyen ladann limitasyon teknik, ki fè gen yon pousantaj de ka ki prezante kote pasyan sa yo: pa jwenn benefis tretman ta sipoze bay la; ke fas a yon teknik ki pa reyisi oubyen ki prezante konplikasyon malgre li fèt ak teknoloji avanse, sa vin fè yo aplike yon lòt teknik klasik ki pi danjere; fas a rezilta enkonplè li oblije fè yon reentèvansyon oubyen fè yon operasyon konplèmantè ; fas a yon konplikasyon li oblije fè yo refè operasyon an oubyen pran lòt desizyon ; tout sa depan plizyè faktè ki varyab ak enprevi, e nan ka sa a mwen dwe pran responsablite peye depans lopital la ak depans medsen ke pwoblèm sa jenere a.
- i) Ke aprè tout operasyon gen yon tan pou malad la reprann li, an jeneral li varye selon operasyon ki fèt la, e an patikilye sa depan de karakteristik ak evolisyon chak moun epi kapasite li pou li rekipere.
- j) ke li toujou egziste yon minimòm posiblite si tout fwa yo ta jwenn yon evidans yo pat atann pandan operasyon an, pou chirijyen an kanpe operasyon an oswa chanje teknik li te chwazi avan an, e li sipoze yon obligasyon pou ban m swen ak avantaj pou sante m pou yo egzekite pwosesis dyagnostik oswa tretman ki pat pwograme ni yo pa t konnen avan an tankou: pran echantiyon pou fè biyopsi, etid

laboratwa, retire ti boul oubyen mas timè, demare tisi ki kole youn ak lot la, elatriye. Mwen konprann tout eksplikasyon yo banm yo nan yon langaj ki klè epi senp epi moun ki t ap eksplike m nan te pèmèt mwen poze l tout kesyon, epi pèmèt mwen fè obsèvasyon nesesè epi li eklèsi tout dout mwen te kesyone li. An menm tan tou, mwen konprann ke nan nenpòt moman e san mwen pa bezwen bay okenn eksplikasyon mwen ka tounen sou desizyon m poum anile konsantman m ap bay konya a. Poutèt sa mwen manifeste ke mwen satisfè ak enfòmasyon mwen resevwa yo epi mwen konprann objektif la ak risk ki genyen nan tretman an.

**Se nan kondisyon sila a :**

**KONSANTMAN**

Mwen bay konsantman mwen pou yo reyalize operasyon an:

.....

Siyati: doktè a:.....

RUT:.....

Siyati: pasyan an:.....

RUT:.....

Siyati reprezantan legal oswa fanmi ki responsab la: \_\_\_\_\_

RUT:.....

**ANILASYON KONSANTMAN AN**

Mesye/Madám:.....

(Non ak siyati pasyan an)

RUT :..... Laj.....an .

Adrès:.....

Vil:.....Nan komín: .....

Dat konsantman an:.....

Mesye/Madám:.....

(Non ak Siyati)

RUT :..... Laj.....an .

Adrès:.....

Vil:.....Nan komín: .....

An kalite de : .....

(Reprezantan legal oswa fanmi ki responsab la)

Mwen anile konsantman mwen te bay nan dat .....e mwen pa deside kontinye epi fini tretman an.

.....

(Non kote a/dat la).

Siyati: doktè a:.....

RUT:.....

Siyati: pasyan an:.....

RUT:.....

Siyati reprezantan legal oswa fanmi ki responsab la: \_\_\_\_\_

RUT:.....